



Fòm Konsantman Vaksen COVID -19 pou moun ki gen 5 rive 17 lane

Seksyon 1: Enfòmasyon sou timoun kap resevwa Vaksen Pfizer COVID-19 (*tanpri enprime*):

Non Timoun nan (Siyati,
Premye non, Non Mitan)

Dat nesans
(dd/mm/yyyy)

Laj

Adrès Ri

Vil

Eta

Zip kòd

Nimewo Telefòn

Seksyon 2: Enfòmasyon sou Vaksen Pfizer

Pfizer-BioNTech ap ofri pitit ou yon vaksen kont COVID-19. Vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 apwove pa Administration Food and Drug (FDA) nan Etazini pou moun ki gen plis pase 16 lane, ak mak Comirnaty. FDA te bay tou yon Otorizasyon Ijans pou Iilizasyon Vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19: i) Kòm yon premye seri vaksinasyon pou moun ki gen 5 lane oswa plis, ii) Kòm yon sèl dòz rapèl omwen 5 mwa apre yo fin pran premye seri pou moun ki gen 12 lane oswa plis; epi, iii) kòm yon twazyèm seri dòz vaksen omwen 28 jou apre dezyèm doz pou moun ki genyen sistèm iminitè yo konpwomèt ki genyen 5 lane oswa plis. Tou de vaksen PfizerBioTech kont COVID-19 la ak Comirnaty yo administre kòm yon seri 2 dòz, 3 semèn apa, nan misk la.

Founisè vaksen an ap bezwen kèk enfòmasyon sou istwa medikal pitit ou anvan yo kapab pran vaksen an. Kesyon sa yo disponib nan www.mass.gov/CDCScreeningForm.

Vaksen an gen dwa pa pwoteje tout moun anba maladi COVID-19. Kèk moun kapab gen efè segondè apre yo pran vaksen. Efè segondè ke yo repòte: se doulè kote enjeksyon an, fatig, tèt fè mal, doulè mis, frison, doulè nan jwenti, fyèv, anfleman kote enjeksyon an, roujè kote enjeksyon an, anvi vomi, pa santi byen, ak gland lenfatik anfle. Genyen kèk

¹Pou vaksen sa a, "moun ki genyen sistèm iminitè yo konpwomèt" gen ladan moun ki te sibi transplantasyon ògàn solid oswa ki dyagnostike ak kondisyon yo konsidere yo gen yon nivo ekivalan nan sistèm iminitè ki konpwomèt.



Fòm Konsantman Vaksen COVID -19 pou moun ki gen 5 rive 17 lane

chans vaksen kapab lakòz reyaksyon alèji ki grav. Yon reyaksyon alèji ki grav jeneralman ap rive kèk minit pou rive un èdtan apre ou pran yon dòz vaksen. Pou rezon sa, yon founisè vaksen an kapab mande moun ki pran vaksen an pou yo rete sou plas kote yo resevwa vaksen an pou yo kapab kontwòle yo apre vaksinasyon. Si yon reyaksyon alèji sevè kapab gen ladan difikilte respire, figi ak gòj anfle, kè bat fò, ak/oswa yon move gratèl sou tout kò.

Enfòmasyon adisyonèl disponib nan Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech. “Fèy enfòmasyon pou moun ki resevwa ak moun ki bay swen” disponib nan:

- [Benefisyè ak moun ki bay swen 5-11 lane \(fda.gov\)](https://www.fda.gov/oc/2020/08/14/covid-19-pfizer-biontech-5-11)
- [Benefisyè ak moun ki bay swen 12 lane ak plis \(fda.gov\)](https://www.fda.gov/oc/2020/08/14/covid-19-pfizer-biontech-12)

Seksyon 3: Konsantman

KONSANTMAN POU VAKSINASYON MINÈ: Mwen revize enfòmasyon sou COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Comirnaty nan **Seksyon 2** anlè a epi mwen konprann risk ak benefis. Lè mwen bay akò mwen, Mwen dakò :

1. Ke mwen revize fòm konsantman, epi mwen konprann ke “Fèy enfòmasyon pou moun ki resevwa ak moun ki bay swen” gen ladan enfòmasyon pi detaye sou risk potansyèl ak benefis Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Comirnaty.
2. Mwen genyen otorite legal pou bay konsantman pou timoun non li ekri anlè a pou li resevwa Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech oswa Comirnaty.
3. Mwen konprann ke mwen pa oblije vini nan randevou vaksen an avèk timoun non li ekri anlè a, lè mwen bay konsantman mwen anba, timoun nan ap resevwa Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Comirnaty ke mwen la ke mwen pa la nan randevou vaksinasyon an
4. Si mwen genyen asirans sante ki kouvri timoun ki genyen non li anlè a, mwen bay pèmasyon pou yo faktire konpayi asirans mwen pou frè administrasyon Vaksen COVID-19 Pfizer Comirnaty epi yo pap voye fakti ban mwen pou pòsyon kou vaksinasyon.
5. Mwen konprann jan sa egzije pa lwa leta, tout vaksinasyon ap repòte bay Sistèm Enfòmasyon Vaksinasyon Depatman Sante Piblik Massachusetts (MIIS). Mwen kapab rantre nan Fèy Fak MIIS pou paran ak pasyan, nan www.mass.gov/dph/miis, pou plis enfòmasyon sou MIIS ak kisa pou mwen fè si mwen pa dakò pou enfòmasyon mwen ak enfòmasyon fanmi mwen pataje ak lòt founisè nan MIIS.

MWEN BAY KONSANTMAN mwen pou timoun ki genyen non li anlè fòm sa pou li vaksinen ak vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Comirnaty epi mwen revize epi mwen dakò pou enfòmasyon ki enkli nan **Seksyon 3** nan fòm nan. (Si konsantman sa pa siyen, pa gen dat, epi pa retounen, timoun nan pap resevwa vaksen.)

Siyati Repezantan Legal Otorize

Dat